



Pou Piblikasyon Imedya: 27/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AKÒDE KLEMANS A 61 MOUN

*Fas a Federal Ki Ap Vize Imigran yo, Yo Te Akòde 18 Padon a Imigran Ki Ap Fè
Fas a Defi Depòtasyon ak Imigrasyon yo*

Yo Te Akòde 39 Padon Kondisyonèl pou Jèn

*Yo Te Akòde Atenyasyon Pèn a Moun Ki Devwe nan Prevansyon Vyolans
Kominotè*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te akòde padon a 18 moun ki se manm ki ap kontribiye nan sosyete a epi fè fas a menas depòtasyon ansanm ak lòt defi ki an rapò ak imigrasyon yo akoz yon kondanasyon anvan sa, padon a 39 moun ki te komèt deli minè oswa krim ki pa vyolan yo lè yo te gen laj 16 oswa 17 an epi ki te rete san komèt krim pandan 10 ane oswa pi plis, epi li te akòde atenyasyon pèn a 2 moun ki te demontre evidans reyabilitasyon konsiderab ak yon angajman nan rediksyon vyolans kominotè.

“Moun New York sa yo te pwouve reyabilitasyon yo, nan kèk ka pandan plizyè dekad, men yo te enkapab jwenn estati legal oswa retounen entegre sosyete a totalman akoz estigma kondanasyon an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan ke gouvènman federal la kontinye vize imigran yo epi menase separe fanmi yo ak depòtasyon, aksyon sa yo franchi yon pa annavan enpòtan pou genyen yon New York ki pi jis, pi ekitab epi ki gen plis konpasyon.”

Padon Ki An Rapò Ak Imigrasyon yo

Fas a kantite imigran ki ogmante ki vize pa gouvènman federal la, Gouvènè Cuomo jodi a te akòde padon a moun sa yo pou rekonpanse efò reyabilitatif yo epi pou retire baryè ke rejis kriminèl yo prezante pou estati imigrasyon yo. Kèk pamì yo ap fè fas a depòtasyon, pandan ke lòt pamì yo swete kapab patisipe nan kominote yo antan ke sitwayen yon peyi ke yo rele lakay yo. Nan chak ka, yon padon pral rann soulajman ki an rapò ak imigrasyon yo vin posib, si li pa otomatik. Chak benefisyè te retounen vin ede kominote ak fanmi yo nan divès fason, epi yo te demontre yon peryòd konsiderab san komèt krim, an bon sitwayen.

Lorena Borjas, 57 an, te kondane pou Fasilitasyon Kriminèl nan Katriyèm Degre an 1994, akoz li te pran nan pyèj kòm yon viktim trafik moun. Madam Borjas, ki se yon fanm transjan ki soti Meksik, te depi lè sa vin tounen yon gwo defansè pou kominate transjan ak imigran yo atravè peyi a, li ap jere pwogram tès VIH yo pou travayè ki transjan yo, ak pwogram echanj sereng yo pou fanm ki transjan yo ki ap pran enjeksyon òmòn yo. Li aktyèlman ap travay kòm yon edikatris nan sant sante kominotè yo ki toupatou nan Vil New York, epi li te resevwa felisitasyon nan men ofisyèl eli yo, avoka yo, ak manm kominotè yo, ki enkli Avoka Piblik Vil New York lan Letitia James. Ak padon sa, li espere jwenn natirализasyon epi evite depòtasyon, nan objektif pou kapab efektivman kontinye ak travay defansè li isit la nan Eta New York.

Alexander Shilov, 35 an, te kondane pou Vòl Segondè ak Tantativ Vòl Segondè, soti 2000 pou rive 2004. Antan ke yon adolesan, ki te fèk imigre soti Estoni, pitit yon manman solitè ki t'ap travay di, Mesye Shilov te devlope yon adiksyon pou dwòg ki te mennen li nan komèt yon seri deli minè ki kounye a konpwomèt kapasite li pou rete nan peyi a. Pandan 13 ane ki sot pase yo, Mesye Shilov te rete san li pa pèdi kontwòl, li te travay pou kapab jwenn GED li pou vin tounen yon enfimyè ki distenge nan yon sant founisè swen sante ki te jere alontèm nan Brooklyn. An plis, Mesye Shilov te bay konferans souvan sou jan pou sipase adiksyon nan etablisman detoksifikasyon lopital yo, li fè volontarya kòm yon enfimyè nan Kò Rezèv Medikal (Medical Reserve Corps) New York lan, epi bay sèvis bileng yo nan kominote li an ki pale Ris. Yon padon pral pèmèt li konbat Ödonans Deplasman (Order of Removal) aktyèl li an epi kreye wout pou natirализasyon li pou ke li ka kontinye konstwi yon lavi ak fiyanse li ak de timoun piti li yo, epi kontinye sipòte manman aje li.

Freddy Perez, 53 an, te kondane pou Lavant Kriminèl Sibstans Kontwole yo nan Twazyèm Degre ak Tantativ Lavant Kriminèl Sibstans Kontwole yo nan Twazyèm Degre an 1993. Depi lè sa, li te travay kòm yon elektrisyen epi li te pran swen jèn frè li an ki gen otis. Mesye Perez se yon imigran ki soti Republik Domikèn epi li espere ajiste estati li a sa yon sitwayen. Ak yon padon, li kapab akonpli objektif sa, menm jan ak egzèse gadri frè li an.

An plis de twa benefisyè sa yo, yo te akòde 15 padon adisyonèl a moun New York ki te kondane pou krim ki pa vyolan yo, ki te viv san yo pa komèt krim pandan 10 ane oswa pi plis, epi ke kondanasyon yo te konpwomèt kapasite legal yo pou viv nan peyi sa. Padon sa yo pral bay yon chans pou bay rezidans legal Amerikèn a sila yo ki se paran jèn timoun yo, moun ki ap pran swen paran aje yo ak konpay marye ki andikape yo, pwoprietè ti biznis yo, manm komite kominotè yo, lidè sivik yo, ak sila yo ki gen kondisyon sante grav yo, tout moun ki pwodiktif ki ap travay pou amelyorasyon moun sa yo ki alantou yo. Pou sila yo ki ap fè fas a depòtasyon, pandan ke yon padon ka pa otomatiman retire posibilité deplasman an, li se yon atribisyon ki nesesè pou kapab retounen jwenn dwa pou rete isit la nan peyi a ke yo rele lakay yo.

Nick Turner, ki se Prezidan Vera Institute of Justice, te deklare, "Nou tout nan Vera felisite Gouvènè Cuomo poutèt li itilize pouvwa klemans Konstitisyonèl li pou aji nan non vwazen nou yo ki merite li. Twòp imigran ki gen kondanasyon kriminèl anvan yo sijè a pinisyon depòtasyon ki san motif, malgre ke yo se manm ki ap kontribiye pandan lontan nan kominote nou an. Twòp moun rete nan prizon malgre yo demontre chanjman ak kwasans. Nan gwo demonstrasyon lidèchip sa, Gouvènè a ap ede refòme yon sistèm

jistics kriminèl ki santre sou retablisman, epi ki finalman priyorize sekirite ak dinyite tout moun New York".

Anthony Thompson, ki se Direktè Fakilte Sant sou Ras, Inegalite ak Lwa (Center on Race, Inequality and the Law) nan New York University School of Law, epi Pwofesè Klinik Dwa, te deklare: "Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li itilize pouvwa klemans Konstitisyonèl li pou adrese kèk nan pwoblèm enpòtan yo jodi a. Depòtasyon se yon pinisyon demezire akoz kondanasyon kriminèl anvan yo lè yon moun sèvi santans epi kontinye lavi li pou vin tounen manm nan sosyete a pandan lontan ki ap kontribiye, epi obeyi lalwa. Apati itilizasyon pouvwa padon li an pou sove moun sa yo de katastwòf sa, Gouvènè a ap fè sa li kapab pou balanse sekirite ak jistics piblik lan pou moun New York ki se imigran yo. Gouvènè a an menm tan ap abòde pwoblèm enkaserasyon masif yo lè li rekonèt ke moun ki ap reyabilite pwòp tèt yo pa bezwen rete nan prizon. Nan akòde atenyasyon pèn a moun sa yo sa ap kreye yon ankourajman pou lòt yo kapab menm jan transfòme tèt yo, sa ki ap kreye yon anviwònman ki pi sekirize".

Alina Das, ki se Ko-Direktris, Klinik Dwa Imigran yo nan New York University School of Law te deklare, "Tout moun New York yo merite yon opòtinite pou jwenn redanpsyon ak dezyèm chans. Lè li akòde padon sa yo, Gouvènè Cuomo ap ofri espwa pou moun New York ki imigran yo ki ta pral otreman fè fas a pinisyon depòtasyon devastatris doub apre ke yo te deja peye pou dèt yo devan sosyete a".

Gouvènè a te akòde tou 2 padon pou rezon diferean ke soulajman ki an rapò ak imigrasyon yo.

Christopher Cavallo, 66 an, te kondane pou lavant kriminèl sibstans kontwole yo nan twazyèm degre an 1977. Li te rete san li pa komèt krim depi lè sa -- 50 an ki sot pase yo -- epi li te konstwi yon karyè ki reyisi nan domèn sekirite. Li posede yon ajans sekirite ki gen lisans nan Florida, epi li aktif nan aktivite charitab yo, ki enkli jere yon pwogram rekiperasyon pou adiksyon ki gen 12 etap pandan sèt ane nan prizon fanm yo nan Florida, epi sipòte yon abri pou timoun yo ki gen VIH ak kansè nan Bogota, Kolombia, kote antepriz sekirite li an gen yon biwo. Mesye Cavallo ap chèche yon padon pou kapab patisipe nan eleksyon piblik yo nan Florida, epi jwenn yon lisans sekirite avanse pou devlope biznis li.

Mary Snook Downing, 58 an, te kondane pou posesyon pwopriyete ke yo vòlè ak itilizasyon veyikil motorize ki pa otorize an 1987. Downing te kòmanse itilize dwòg pou jere depresyon li apre ke li te soufri pèt inatandi alafwa mari ak pitit li an 1985. Apre kondanasyon li an, li te rantre nan reabilitasyon nan Arms Acre Rehabilitation epi li te mentni yon eta sobriyete epi li te rete san komèt krim depi lè sa. Li ap chèche yon padon pou ka fè demann pou gadri legal manman li ki gen laj 88 an, ki ap viv nan yon pak pou granmoun aje yo ki nan Florida epi ki ap soufri de demans.

Padon pou Jèn yo

Atravè Pwogram Padon pou Jèn yo (Youth Pardon Program), ki te lanse an 2015, Gouvènè Cuomo jodi a te akòde padon kondisyonèl a 39 moun New York ki kondane ki merite li ki te gen laj 16 oswa 17 an pou krim ki enkli deli minè ak enfraksyon ki pa

vyolan yo. Tout 39 benefisyè yo te pwouve tèt yo ke yo pozitif, yo te manm ki ap kontribiye nan kominate yo. Padon sa yo pral retire baryè yo kont opòtinite travay ak enplikasyon kominotè yo. Pou elaji sou 101 padon pou jèn ke yo te bay nan premye anons pwogram lan an 2016, Gouvènè a te akòde kounye a yon total 140 padon kondisyonèl atravè inisyativ sa. Kòm yon rezulta de pwojè Iwa Ogmante Laj lan (Raise the Age legislation) ki te rantre an vigè nan kòmansman ane sa, anpil moun ki te ka aplike anvan sa pou yon padon pou jèn yo kapab kounye a vanse yon pa an plis epi sele kondansyon pase yo, ki reflete nan bès kantite aplikan pou padon pou jèn yo.

Atenyasyon Pèn yo

Gouvènè Cuomo jodi a atenye pèn santans pou de moun ki te demonstre yon evidans reyabilitasyon konsiderab, epi ki dedike efò yo nan travay entèripsyon vyolans yo. Yo pral retounen nan kominate yo epi sèvi kòm resous esansyèl pou atenn lòt moun ak mesaj yo pou bay do a vyolans. Yonn nan moun sa yo te reprezante nan konsèy pwo-bono a atravè inisyativ 2015 Gouvènè a pou fè koresponn aplikan pou klemans yo ak konsèy pwo-bono a. Nan mwa Dawout 2017, Gouvènè a te anonse yon patenarya ak Asosiyasyon Avoka Jistis Kriminèl Nasjonal lan (National Association of Criminal Defense Lawyers) ak Fanmi Kont Minimòm Obligatwa yo (Families Against Mandatory Minimums), ki te grandman ogmante kantite avoka ki volontè pou prepare aplikasyon yo.

Michael Flournoy, 42 an, te sèvi 21 ane nan yon santans 25 a 50 ane pou Tantativ Asasina nan 2èm Degre ak lòt akizasyon. Li gen yon rejis reyabilitasyon ak sèvis volontè ki djanm, epi, depi enkaserasyon li an, li te kiltive yon amitye pwofon ak viktim lan ak pitit li an ki kounye a konsidere li kòm yon manm fanmi yo an. Flournoy se yon konseye SIDA/VIH ki sètifye pa Depatman Travay Eta New York lan (New York State Department of Labor), epi li te travay pandan plizyè santèn èdtan fòmasyon ak fasilitasyon antan ke kowòdonatè pwogram volontè nan Pwogram Oryatasyon ak Edikasyon sou SIDA pou Prizonye yo (Prisoner's AIDS Counseling and Education Program). Mesye Flournoy te fè yon diplòm Asosye ak yon diplòm Lisans nan Bard College, kote li te travay kòm oratè debitan an 2009, ak yon Metriz Atistik nan Seminè Tewolojik New York lan. Mesye Flournoy pral viv ak madanm li ak pitit fi li yo ki nan Brooklyn kote li pral kontinye travay li nan prevansyon vyolans.

Dominic Dupont, 39 an, te sèvi plis pase 20 ane nan yon santans 25 ane a pèpetyite pou Asasina nan Dezyèm Degre ak Posesyon yon Zam Kriminèl nan Dezyèm Degre. Akizasyon yo te soti nan yon batay ki enplike de gwoup jèn gason kote Dupont ki te gen laj 19 an nan moman sa, t'ap defann frè jimo li an. Pandan ke li te enkasere an, Dupont te eksprime ak repetisyon remò li pou aksyon li yo epi li te eksele kòm yon lidè ak mantò pou konpayon li yo ak kominate a, li te sèvi pandan nèf ane ki sot pase yo kòm direktè Pwogram Asistans pou Jèn lan, ki se yon gwoup volontè ki devwe nan gide jèn yo ki an danje enplikasyon nan sistèm kriminèl lan sou yon wout ki pi bon. Li te sèvi tou kòm yon fasilitatè prensipal nan pwogramasyon altènatif a vyolans yo ak oryantasyon pou reyentegrasyon. Mesye Dupont pral retounen kay madanm li ki nan Brooklyn epi kontinye karyè li kòm konseye pou jèn ki an danje yo.

Thomas Griffin, ki se Sipè-entandan Etablisman Koreksyonèl Green Haven lan (Green Haven Correctional Facility) te deklare, "Dominic Dupont te non sèlman ranpli

kondisyon yo men tou li te depase yo pou konsiderasyon pou Klemans Egzekitif lan. Nan epòk mwen te konnen li, li te montre kwasans pèsonèl epi atravè aksyon li yo li demonstre konpòtman ak kalite lidèchip pozitif pou lòt prizonye yo. Dupont te yon fasilitatè pou Pwogram Asistans pou Jèn nou an ki ap ede motive elèv Lekòl Segondè ki an danje yo. Li te fè tou yon Diplòm Asosye pandan enkaserasyon li an. Dominic Dupont te pwouve ke li pare pou opòtinite pou pwouve tèt li nan sosyete a”.

Komisyonè pa Entèrim Depatman Koreksyon ak Sipèvizon Kominotè Eta a (State Department of Corrections and Community Supervision), Anthony Annucci, te deklare, “Yo bay jistis tou lè yo akòde pitye a moun sa yo ki te pwouve tèt yo reyèlman merite li. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li egzèse jenerezman pouvwa ekstrayòdinè sa ki pral sèvi tou kòm yon gwo ankourajman pou lòt prizonye yo pou pwouve tèt yo reyèlman merite li”.

Julio Medina, Direktè Egzekitif Exodus Transitional Community te deklare, “Mwen te travay pèsonèlman ak chak gress moun ki ap resevwa yon atenyasyon pèn jodi a, epi mwen te temwen pouvwa yo antan ke modèl wòl pozitif alafwa anndan ak deyò prizon an. Mwen fyè de Gouvènè Cuomo poutèt li rekonèt transfòmasyon ke moun eksepsyonèl sa yo te travay di anpil pou yo kapab akonpli. Kominote nou an pral yon kote ki pi sekirize, pi bon avèk yo ladan li”.

Soffiyah Elijah, ki se Direktris Ekzekitif, Alyans Fanmi yo pou Jistis (Alliance of Families for Justice), te deklare, “Mèsi a Gouvènè Cuomo poutèt li egzèse pouvwa klemans li pou libere moun ki te enkasere ki te vin tounen modèl wòl pozitif pou lòt moun ki enkasere yo ak pou kominote a, sa ki voye yon mesaj fò pou di ke transfòmasyon posib. Mesaj sa pral enspire lòt moun ki enkasere yo, ansanm ak fanmi yo ki renmen epi ap sipòte yo”.

JoAnne Page, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Fortune Society a te di, “Mwen remèsyé Gouvènè Cuomo poutèt li egzèse pouvwa klemans li pou rekonèt gwo evidans reyabilitasyon pamí moun ki enkasere yo. Mwen konnen ke moun ka chanje, mwen wè li chak jou ak fanm ak gason ki ap transfòme lavi yo nan Fortune Society. Atenyasyon pèn yo voye yon mesaj fò pou di ke moun kapab chanje lavi yo ak lavi lòt moun ki dèyè bawo yo, sa konte. Rekonesans li ke moun ki te komèt krim yo kapab tou fè bon bagay yo li enpirasyonèl anpil pou moun New York ki enkasere ak sa ki te enkasere anvan yo”.

Elizabeth Gaynes, ki se Prezidant ak Direktris Egzekitif Jeneral Osborne Association, te deklare, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li demonstre ke li kwè ke moun ka chanje, epi poutèt li itilize pouvwa klemans li pou rekonèt chanjman sa. Lè moun ki nan prizon yo pran responsabilite yo pou lapèn ke yo te lakòz akoz krim yo, epi apre konsantre sou sa ke yo kapab fè pou retounen ede kominote yo ak nan sosyete a, lòt moun remake sa, epi kòmanse chanje tou. Lè li akòde klemans a moun sa yo ki merite li, Gouvènè Cuomo ap seme semans pou ke plis moun kapab pran responsabilite pou aksyon yo epi sibi menm tip transfòmasyon sa yo, ki bon pou nou tout.”

Moun ki enterese aplike pou klemans yo ta dwe vizite sitwèb klemans Gouvènè Cuomo an: www.ny.gov/clemency. Sitwèb la se yon resous santral pou moun k'ap chèche

jwenn plis enfòmasyon konsènan klemans, kondisyon pou kalifikasyon, ak pwosesis aplikasyon an, ansanm ak fason pou soumèt dokiman aplikasyon yo yon fason elektwonik. Yo ankouraje manm fanmi ak zanmi moun k'ap pije santans prizon yo pou yo ale sou sit entènèt la epi aplike pou klemans nan non manm fanmi yo oswa zanmi yo an, oswa voye yon lèt sipò pou moun yo renmen yo ki te aplike pou tèt yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418